



**Justice Center for the
Protection of People
with Special Needs**

A kisa pou atann ou nan ka ou ta enplike nan yon ankèt Sant Lajistis

Oryantasyon pou manb pèsònèl avèk volontè

Out 2018

VIZYON

Moun ki andikape dwe jwenn pwoteksyon kont abi, neglijan avèk move tretman. Sa ka fèt si nou asire nou ke Leta kenbe pi bon sistèm nan koze lasante, sekirite avèk diyite; epi Leta dwe sipòte gason avèk fanm devwe ki ap bay sèvis yo.

MISYON

Sant Lajistis deja angaje l pou li soutni e pwoteje sante, sekirite avèk diyite tout moun ki gen yon andikap e ki enfim nan defann dwa sivil yo, nan fè prevansyon kont move tretman e nan mennen ankèt sou tout deklarasyon maltretans avèk neglijan pou nou ka pran mezi kont zak sa yo.

KÒD MORAL AK GID PRENSIP

Entegrite: Sant Lajistis la estime ke tout moun ki gen yon andikap merite pou yo trete yo avèk respè e ke nou dwe pwoteje tout dwa moun sa yo.

Kalite: Sant Lajistis la angaje l pou li bay sèvis kalite siperyè a tout moun ki andikape epi li asire ke andikape sa yo ap resevwa bon swen.

Responsabilite: Sant Lajistis la konprann ke responsabilite li genyen fas a moun li ap bay sèvis yo e tout piblik la se sa ki priyorite a.

Edikasyon: Sant Lajistis la estime ke sansibilizasyon, fòmasyon e pwomosyon pi bon pratik yo se baz pou chanje sistèm nan.

Kolaborasyon: Pwoteksyon moun andikape se yon responsabilite pataje, e Sant Lajistis reyisi paske li fè kolaborasyon avèk ajans, donatè, benefisyè dirèk sèvis yo e andikape yo pou fè prevansyon kont tout abi avèk neglijan.

JIRIDIKSYON

Sant Lajistis la voye je sou enstalasyon e pwogram nan sistèm sis (6) ajans nan Leta. (State Oversight Agencies SOAs):

Office for People With Developmental Disabilities (OPWDD)

- Biwo pou moun ki gen andikap entelktyèl. Enstalasyon e pwogram ke Biwo moun andikape entelktyèl la OPWDD itilize, sètifye ou otorize.

Office of Mental Health (OMH)

- Biwo sante mantal. Enstalasyon e pwogram ke Biwo sante mantal la OMH itilize, sètifye ou otorize.

Office of Alcoholism and Substance Abuse Services (OASAS)

- Biwo pou sèvis alkòl avèk toksikomani. Enstalasyon e pwogram ke Biwo sèvis alkòl e toksikomani a OASAS itilize, sètifye ou otorize.

Office of Children and Family Services (OCFS)

Biwo pou sèvis lafanmi avèk timoun

- Enstalasyon e pwogram ke Biwo pou sèvis lafanmi avèk timoun la OCFS jere ki pou jèn ki plase sou siveyans komisè OCFS la.
- Enstalasyon rezidans ke OCFS setifye pou responsab timoun abandone, maltrete, neglije e sou kondisyon, jèn delenkan avèk moun ki sou siveyans
- Domisil kategori famiyal pou granmoun.
- Pwogram OCFS sètifye pou jèn ki nan mawon e ki nan lari
- Sant detansyon pou jèn OCFS sètifye

Department of Health (DOH)

Depatman lasante

- Etablisman pou swen pou adilt Depatman lasante DOH sètifye ki gen ladann 80 kabann; se kote pou pi piti 25% rezidan li yo se moun ki gen maladi mantal grav e ke 55%, pou pi piti, nan kabann yo ede pwogram vi otonòm
- Kan lajounen, kan lannwit avèk kan vwayaj pandan peryòd vakans ete pou timoun ki gen yon andikap entelktyèl sou jiridiksyon DOH


State Education Department (SED)

Depatman edikasyon nasyonal

- Lekòl leta New York pou avèg
- Lekòl leta New York pou soud
- 4201 lekòl Leta bay sibvansyon ki gen rezidans.
- Lwa espesyal lekòl rejyonal
- Pansyona prive SED sètifye pou founi sèvis ou pwogram edikasyon espesyal
- Lekòl rezidansyèl oubyen enstitisyon ki pa nan Leta New York ki ap bay moun New York sèvis.

Objektif Sant Lajistis la se fè prevansyon kont tout move tretman e abi yon endividi ta fè sou yon moun andikape, men tou pou li asire l ke li ankete sou tout apèl ki rapòte yon move tretman oswa yon neglijan. Sant Lajistis la ankete, ekzamine, e bay rezolisyon sou tout apèl ki rapòte yon move tretman oswa yon neglijan yon manb pèsònèl la ta fè kont yon moun ki bezwen sèvis. Manb pèsònèl la genyen ladann - anplwaye yo, volontè yo, estajyè yo, konsiltan yo avèk soutretan yo, Sant Lajistis pa la pou keystone, arete ni fè pouswit dèyè endividi ki ap resevwa sèvis. Sant Lajistis la pa fè ankèt sou aksidan ki pa enpòtan. Aksidan ki pa enpòtan yo ale rive jwenn ajans konpetan Leta mete pou fè siveyans. Si ou ta enplike nan yon investigasyon Sant Lajistis la, swa kòm temwen oswa sijè, enfòmasyon sa yo eksplike tout pwosesis rapò e investigasyon, pwosesis pou fè apèl avèk mwayen pou gen tout enfòmasyon ke ou ta vle yo.

Pwosesis investigasyon Sant Lajistis la



Kòman pou denonse

Kiyès ki ka denonse yon neglijan oswa yon abi?

Nenpòt moun ka denonse yon abi oswa yon neglijan bay sèvis asistans telefòn gratis 24 sou 24 ki nan Regis Santral pou moun vilnerab (Vulnerable Persons' Central Register VPCR) lè ou rele 1-855-373-2122. Selon travay yon endividi, li dwe rapòte tèt li bay Rejis Santral la. "Mandatè" yo se pwofesyonèl sipò dirèk avèk sèvis sosyal yo. Yo va rapòte yo dwe aksidan enpòtan de .yon neglijan oswa yon abi

Ki lè yon mandatè dwe kontakte VPCR?

Chak fwa yon rapòte mandate gen yon motif valab pou li soupsonne yon evènman ki ta dwe sinyale, li dwe denonse ou rapòte sa bay VPCR. Rapò a kapab pran reta pou asire sekirite manb pèsònèl yo e moun ki ap bay sèvis yo, sitou si moun nan ta rapòte nan 9-1-1. Men mandatè a gen 24è tan pou li rapòte oswa denonse aksidan li obsève a. Pou plis enfòmasyon sou ekzijans yon rapòte mandate ale sou www.justicecenter.ny.gov.

Èske mwen ka konnen kiyès ki te rapòte sou liy VPCR?

Sant Lajistis la pa ka delivre non endivi a ki te fè rapò a bay VPCR ni non moun ki te kowopere nan kad investigasyon an.

Kisa ki pase apre yon denonsiyasyon?

Reprezantran ki sou liy lan ap detèmine si ta dwe gen entèvansyon an ijans oswa si moun ki ap resevwa sèvis la an danje ou si li bezwen asistans rapid. Si se yon ka ijans, reprezantan sant apèl la va mande moun ki rele a pou li rakwoiche epi rele 9-1-1. Rapòte a dwe rele ankò pou li konplete dosye a apre ke ijans la fin rezoud.

ADMISYON

Yon reprezantan sant apèl la ap pran enfòmasyon rapòte a e l ap ba li yon nimewo. Lwa sou konfidansyalite pwoteje tout rapòte.

Apèl la ap anrejistre.

KLASIFIKASYON

Aksidan an vin klase.

Sila ou ka rapòte:

- Abi oswa neglijan
- Aksidan majè/enpòtan

Sila ki pa bezwen denonse:

- Ankèt jeneral
- Sa ki pa fè pati konpetans Sant Lajistis la

AFEKTASYON

Aksidan ale rive kote enstitisyon ki la pou sa pou fè investigasyon e ekzamen

SantLajistis fè ankèt ou rapò neglijan oswa abi/move tretman selon gravite oubyen anviwonman sa te pase a. Rapò sila ki pa enpòtan ap rive jwenn ajans konpetan ke Leta mete pou siveyans, ki ka rive ale jwenn ajans ki ap bay sèvis la.

NAN MOMAN ENVESTIGASYON AN

Enpòtans la verite.

Li enpòtan pou nou pa bay fo dokiman oswa fo enfòmasyon pandan yon ankèt. Prensip sila aplike pou tout endividi kelkeswa ou ta sijè oswa temwen. Entèfere nan yon revelasyon, rapòte e ankete sou yon neglijan oswa yon abi, falsifye dosye e, ak move entansyon, fè fo deklarasyon se yon obstriksyon e sa ka lakoz yon temwen oswa yon sijè sibi yon investigasyon.

Kiyès ki sibi entèwogasyon nan moman investigasyon an?

Investigatè yo va keystone moun sijè yo (ekzanp: anplwaye, volontè, estajyè, konsiltan, founisè) ki ta otè yon zak maltretans oswa neglijan, menm moun ki ap resevwa sèvis yo ka temwen ou viktim, lòt moun ki ka temwen oswa gen enfòmasyon sou yon aksidan. Sèl manb staf yo kapab sijè yon investigasyon, se pa moun ki ap resevwa sèvis yo. Tout antretyen e entèwogasyon Sant Lajistis la anrejistre.

Kòman mwen ka konnen si mwen sijè yon investigasyon?

Si ou se sijè nan yon ankèt Sant Lajistis ap fè sou yon zak neglijan oswa abi, ou gen pou ou resevwa yon lèt ekri ke Sant Lajistis la ap voye ba w pou anonse ou ke ou se sijè nan investigasyon an. Notis sila a ap genyen yon nimewo seri pou aksidan an oswa pou yon ka ki sòti nan VPCR. Asire ou ke ou itilize nimwo seri sa a pou mande Sant Lajistis la enfòmasyon sou ankèt la. Si ou pa konnen stati ou nan yon ankèt, sonje mande investigatè a nan moman antretyen an.

A kisa mwen dwe atann mwen nan ka mwen ta sijè nan yon investigasyon?

Si yon endividi ta idantifye w kòm sijè nan yon ankèt Sant Lajistis la ki denonse yon neglijan oswa yon abi, ou dwe atann ke w pral pase entèwogasyon nan kad ankèt la. Investigatè Sant Lajistis yo va jwenn e ekzamine dokimantasyon an, yo va keystone temwen yo e yo va ba w opòtinite pou pwononse ou sou akizasyon ki pandje sou ou yo.

A kisa pou mwen atann si mwen ta temwen?

Si ou se temwen oswa ou ta gen enfòmasyon sou yon ka move tretman oswa yon neglijan, Investigatè Sant Lajistis yo ka fè w pase yon entèwogasyon. Objektif antretyen an se genyen enfòmasyon ou konnen sou aksidan ki te rapòte bay Sant Lajistis la. Nan majorite ka sa yo, sipèvizè ou va enfòmè ou ki kote, ki dat e a kilè ou va gen antretyen an.

Èske mwen gen dwa gen yon reprezantan oswa yon avoka avèk mwen pandan entèwogasyon an?

Si ou se manb yon sendika e ke konvansyon kolektif ou a prevwa prezans yon avoka oswa yon repzan sendika pandan seyans entèwogasyon non penal yo, Sant Lajistis la ap respekte dwa sa ki te deklare nan konvansyon kolektif la. Asire ou ke ou kontakte sipèvizè ou si ou gen keystone sou kisa ki otorize nan konvansyon kolektif ou a oswa nan kontra ou.

Si ou pa manb yon sendika, yon avoka ka akonpanye ou pandan entèwogatwa a. Pou pwoteje enterè ou, Sant Lajistis la ap pran tout mezi pou li fè ou konnen ki konfli avoka ou ka jwenn (Ekzanp: Si avoka ki reprezante ou a travay pou patwon ou).

Nan tout ankèt penal, ou gen dwa konstitisyon ba ou, selon ka a, ou ka gen dwa a yon avoka. Sant Lajistis la ap fè w konnen dwa sa yo jan la lwa mande sa.

Kisa ki pase pandan yon ankèt kriminel?

Apèl ki tounen enfraksyon penal touonen pouswit ke prokirè espesyal/enspektè jeneral Sant Lajistis la fè oswa prokirè distrik lokal la. Gen kèk ka penal ke Sant Lajistis la avèk prokirè distrik fè pouswit la ansanm.

APRE YON ENVESTIGASYON FIN KONPLETE

Kiyès ki ka fè konklizyon nan yon ankèt?

Sant Lajistis la va pran yon desizyon final pou deklare si yon denonsiyasyon de yon vyolans oswa yon neglijan jistifye, si li jistifye nan ki kategori li va ye. Sant Lajistis la va pwononse yon konklizyon motive oswa san jistifikasyon pou chak deklarasyon konsènan yon endividi ki se yon sijè.

Ki potansyèl rezolisyon investigasyon yo?

Denonsiyasyon move treman oswa neglijan ka jije **jistifye** ou **san-prèv**. Akizasyon yo jistifye si yon ankèt sou yon neglijan oswa yon abi demontre ke te genyen yon siperyorite nan prèv ki soutni akizasyon yo. Siperyorite yon prèv vle di ke ekzamen prèv la revele ke akizasyon yon move tretman/abi oswa yon neglijan te gen pou li rive kan menm. Si pa gen siperyorite prèv akizasyon an, denonsiyasyon yon neglijan/abi, move tretman dwe klase kòm san-prèv. Akizasyon jistifye de yon move tretman/abi oswa yon neglijan ap antre nan youn nan kat (4) kategori ki swiv yo selon gravite ka yo. Akizasyon san-prèv yo pa piblik e anplwaye pa gen aksè a yo.

Ki rezon ki ka rann yon akizasyon yon neglijan oswa yon move tretman/abi san-prèv?

Yon akizasyon ka jije san-prèv pou anpil rezon. Ka pa gen ase prèv pou demontre ke te gen move tretman/abi oswa yon neglijan te rive pou tout bon oswa pa ka jwenn pèsonn pou bay responsabilite aksidan an. Yon konklizyon san sipò pa anpeche ke gen lòt rezolisyon ki ka pran, sitou disiplin anplwaye a, plis sipèvisyon, plis fòmasyon oswa lòt aksyon ki ka korije anplwaye a.

NIVO KATEGORI YO

Kategori 1: Abi fizik grav, abi seksyèl ou lòt move konpòtman grav yon sijè. Yon rezolisyon ki nan kategori 1 an mete yon sijè nan lis revokasyon sijè sa (Staff Exclusion List SEL). Gen ladann tou yon dezyèm rezolisyon sou yon lòt ka konpòtman nan kategori 2 ki rive 3 zan apre yon premye rezolisyon ki te deja nan kategori 2 a. Sijè ki gen non yo nan lis SEL la enskri la pou tout tan.

Kategori 2: Yon sijè fè yon zak neglijan oswa yon abi ki mete sante, sekirite, byenèt yon endividi ki ap resevwa sèvis la an peril. Enfraksyon kategori 2 yo fèmen apre senk (5) lane e yo pa aksesib a piblik.

Kategori 3: Neglijan oswa vyolans ki pa twò grav. Rapò yo fèmen apre senk (5) lane. Kontraktè yo p ap jwenn enfòmasyon sa yo e yo pa aksesib pou piblik.

Kategori 4: Kondisyon ki genyen nan yon enstalasyon oswa yon pwogram ki ekspozè yon endividi ki ap resevwa sèvis yo sibi prejije oswa demontre risk pou sibi prejije. Kategori kat (4) la demontre tou ke gen prèv ki pwouve ke yon endividi ki t ap resevwa yon sèvis te sibi yon neglijan oswa yon move tretman san jwenn pèsonn ki pran responsabilite.

Kòman m ka konnen rezilta yon ankèt?

Si ou se sijè yon ankèt, yon lèt rezolisyon ap rive jwenn ou nan adrès rezidans ou. Nan menm dat la, Sant Lajistis la ap enfòmè direktè enstitisyon ou ye a, ajans siveyans Leta a ki te otorize oswa sètifye enstalasyon ou an, endividi ki t ap resevwa sèvis nan men w lan ki se viktim nan ankèt la oswa yon reprezantan li ki nan rezilta ankèt la. Yon deklarasyon ap rive jwenn nou ke li jistifye ou pa.

Kiyès ki gen aksè a enfòmasyon ankèt la?

Lalwa prevwa pwoteksyon sou konfidansyalite e li idantifye kiyès ki ka gen dokiman konsènan yon rapò ki jistifye ou pa. Dosye ankèt yo konfidansyèl men yo ka kominike yo avèk kèk moun ki gen otorizasyon pou sa e menm sijè ankèt la.

Kisa k ap rive m si mwen rive responsab yon enfraksyon kategori 1?

Sant Lajistis la gen yon rejis nasyonal ki rele Staff Exclusion List (SEL) ki se lis esklizyon pèsònèl (ekzanp, anplwaye, volontè, stajyè, konsiltan, kontraktè) ki gen non tout gadyen ki twouve yo responsab enfraksyon kategori 1, kote yo jwenn plizyè ka grav oswa repete de yon move tretman oswa yon neglijan. Endividi ki gen non yo nan lis esklizyon pèsònèl la pa otorize pou travay pou ajans benefisyè sèvis leta, sètifye ou otorize, oswa ajans ki ap bay moun andikape sèvis.

Kòman m ka konnen si non mwen nan lis esklizyon pèsònèl la (SEL)?

Lèt rezolisyon yon ankèt ke ou resevwa a ap fè w konnen si ou jije responsab yon enfraksyon kategori 1, si wi, si non ou antre nan lis SEL la.

DWA POU FÈ APÈL

Si ou se sijè yon rapò ki denonse yon abi/neglijan oswa yon move tretman, ou gen dwa pou pwoteste kont rezilta a nan yon delè 30 jou. Tout rapò yo ka jwenn pwotestasyon, kelkeswa kategori rezolisyon an. Enfòmasyon sou pwosesis pou fè apèl la ap nan lèt pou pwoteste a.

Etap 1: Revizyon administrasyon

Premye etap la se pou fè yon demand revisyon administrasyon an. Sant Lajistis la ap ekzamine dosye apèl la ki gen ladann: dosye ankèt la; rapò jistifye a; demand modifikasyon ou an; avèk toout lòt prèv je ou ta vle pataje.

Sant Lajistis la ap deside si gen siperyorite nan prèv pou konfime rezolisyon ki di ke ou komèt youn oswa plizyè zak vyolans ou neglijan tankou sa te di nan rapò jistifye a. Si denonsiyasyon neglijan oswa abi a jistifye, ou gen dwa pou yon jij nan dwa administratif la tande ou (li etap 2). Si deklarasyon abi ou neglijan lan san-prèv, rapò a ap fèmen.

Step 2: Odyans administrasyon an

Aprè ke Sant Lajistis a fini avèk ekzamen li an, si denonsiyasyon an jistifye, ou gen dwa pou yon jij administratif tande ou. Ou ka toujou jwenn sèvis yon avoka pou konferans preparatwa a avèk

seyans odisyon an. Pandan seyans odisyon an, Sant Lajistis la dwe founi prèv ki soutni deklarasyon rezilta investigasyon an. Kestyon pou ekzamine pandan odyans lan se decide si gen siperyorite nan prèv ki soutni denonsiyasyon move tretman an oswa neglijan lan, avèk nivo kategori zak move tretman an oswa neglijan lan.

Nan fen odyans lan, jij dwa administratif la pral voye yon rapò avèk yon rekòmandasyon bay direktè ekzekitif Sant Lajistis la. Direktè ekzekitif la oswa yon yon reprezan li pral pran yon rezolisyon final (sou fòm yon òdonans) ki p ap ka sibi okenn ekzaminasyon ankò .

Ou ka toujou fè apèl kont desizyon an lajistis dapre pwosesis ki nan Atik 78 Kòd Pwosedè avèk Règ Pratik sitwayen New York ki deja etabli pwosesis pou swiv pou konteste yon desizyon administratif.

Pou plis enfòmasyon, vizite ribrik KISA MWEN BEZWEN KONNEN SOU PWOSESIS APÈL LA, disponib sou adrès sila www.justicecenter.ny.gov.

PLIS ENFÒMASYON

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sit Sant Lajistis la www.justicecenter.ny.gov oswa rele 518-549-0200, lendi pou rive vandredi, depi 9:00 am pou bout a 5:00 pm.

Kòman m ka denonse yon abi oswa yon neglijan?

Pou denonse yon abi oswa yon neglijan, rele liy asistans telefòn 24 sou 24 Sant Lajistis la gratis nan nimewo sa a 1-855-373-2122.

INCIDENT REVIEW PROCESS

- 1 ADMISYON** Rapòte yon akizasyon nan Rejis Santral pou moun vilnerab yo.
- 2 KLASIFIKASYON** Akizasyon an klase kòm yon aksidan pou sinyale (ekzanp: aksidan vyolans, senp aksidan enpòtan oswa yon neglijan), oswa yon aksidan ki pa twò enpòtan (ekzanp: yon ankèt jeneral).
- 3 INVESTIGASYON** Sant Lajistis la mennen ankèt sou akizasyon move tretman ou neglijan ki jistifye selon gravite ka yo e kontèks yo. Akizasyon ki pa enpòtan yo ka rive jwenn ajans konpetan siveyans leta ki ka delege li bay yon ajans founisè.
- 4 REZOLISYON** Lè ankèt sou akizasyon yon neglijan oswa yon move tretman fini— kelkanswa Sant Lajistis la, ajans siveyans leta a oswa ajans founisè ta rive fini avèk ankèt la— Sant Lajistis la pral ekzamine ankèt la e pran yon rezolisyon pou di si chak akizasyon jistifye ou san-prèv. Rapò akizasyon san-prèv yo fèmen tout swit. Yon rezolisyon ki pa gen okenn prèv pa vle di ke li pa gen konsekans pou li, li ka pran mezi disiplinè.